

# KESSYON / REPONS

## Kisa sa vle di refijye refize ?

Yon moun Seksyon pwoteksyon refijye yo refize demann azil (pwoteksyon) li a.

## Èske m gen dwa konteste desizyon ki refize demann azil mwen an?

WI. Yon refijye ka konteste yon desizyon Komisyon imigrasyon ak estati refijye a (CISR an franse) ak yon apèl nan «**Section d'appel des réfugiés CISR**» a, yon kontwòl jidisyè devan la «**Cour fédérale du Canada**» epi «**examen des risques avant renvoi**» a.

Li vrèman konseye pou refijye refize yo konsilte yon avoka oubyen yon òganis kominotè san pèdi tan.

## Èske yo ka fòse m tounen nan yon peyi danjere?

**SA DEPAN.** Se Kanada k ap deside nan ka sa. Li gen yon lis peyi li konsidere twò danjere pou voye moun demann azil yo refize tounen (**ajoune retou**). Moun sa yo ka kontinye viv Kanada epi mande yon **pèmi travay** jiskaske yo retire peyi a sou lis la. Pandan tan sa a, yo ka eseye jwenn rezidans pèmanan avèk yon demann **pou motif imanité**.

Dokiman sa a bay enfòmasyon jeneral, se pa ni yon avi ni yon opinyon jiridik. Sistèm imigrasyon Kanada ak Kebèk konplike anpil; kèk fwa, sa ka mete w nan sitiyasyon tèt chaje. Li enpòtan anpil pou nou konsilte espesyalis pou ba nou bon jan esplikasyon sou bagay ki patikilye yo. Enfòmasyon ki nan dokiman sa a revize nan mwa me 2017.

Pou plis enfòmasyon ak yon lis resous, konsilte gid nou fè pou entèvenan kominotè yo: «L'accès des personnes immigrantes et réfugiées à des mesures sociales au Québec», ki disponib gratis sou : [www.servicesjuridiques.org](http://www.servicesjuridiques.org)

Nou vle remèse «ministère de la Justice du Québec» (Fonds Accès Justice) pou èd finansyè yo. Opinyon ki nan dokiman sa a pa vrèman reprezante opinyon «ministère de la Justice du Québec».

Seri sa a disponib tou (an franse, angle, arab, chinwa senplifeye, kreyòl ak espagnòl).

- Ou se demandè azil o Kebèk
- Ou se travayè tanporè e etidyan etranje o Kebèk
- Ou se yon san papye o Kebèk
- Ou se rezidan pèmanan o Kebèk
- Ou se refijye aksepte o Kebèk
- Kritè rezidans
- Ou gen pèmi sejou tanporè o Kebèk

Dépôt légal 2017  
Bibliothèque et Archives nationales du Québec  
Bibliothèque et Archives Canada

Être réfugié refusé au Québec

# OU SE REFIJYE REFIZE O KEBÈK

Konnen dwa w nan pwogram sosyal yo



## LAJISTIS

Èske m ka konsilte yon avoka gratis si m gen yon pwoblèm jiridik?

WI. Si yon moun admisib pou **èd jiridik** daprè revni, epi si li rete o Kebèk, **kèlkeswa estati imigrasyon li**.

Sèvis ki disponib yo se : dwa familyal, administratif, imigrasyon, jenn moun, kriminèl, lojman, elatriye.

Èske m gen dwa al nan tribunal si m gen yon pwoblèm avèk pwopriyetè kay kote m rete a?

WI. «Régie du logement» ka ede w si gen yon «bail» ant lokatè a ak pwopriyetè a. **Yo pa verifye estati imigrasyon pou sa.**

Moun ki viktim diskriminasyon nan kesyon lojman ka pote plent nan **«Commission des droits de la personne et des droits de la jeunesse»** la.

## LAFANMI

Èske pitit mwen ka ale lekòl?

WI. Pitit refijye refize yo ka ale **lekòl biblik gratis** epi se yon obligasyon pou yo ale lekòl pandan yo rete Kebèk toujou.

Èske m gen dwa pou m jwenn prestasyon pou timoun?

NON. Yon moun yo rifize demann azil li pa gen dwa pou l jwenn **alokasyon kanadyen pou timoun** (federal) ni **soutyen pou timoun** (pwovensyal).

Si moun nan resevwa **èd sosyal**, I ap gen dwa pou l jwenn yon montan anplis pou chak timoun.

Èske m ap gen dwa pou m jwenn prestasyon gouvènman an si m fè yon timoun oubyen si m adopte yon timoun?

WI. Yon moun demann azil li rifize men ki gen **otorizasyon rete Kanada**, epi ki te travay pandan 12 dènye mwa yo avèk yon **pèmi travay**, gen dwa pou l jwenn prestasyon rejim kebekwa asirans parantal la (RQAP an franse) (parantal, matènité, patènité, adopsyon).

## PRESTASYON

Èske m gen dwa pou m jwenn èd sosyal?

WI. Yon refijye refize admisib si sitiyasyon finansyè li pèmèt sa, pandan I ap egzèse rekou epi avan dat ofisyèl ranwa a.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansyè si m viktim yon zak kriminèl?

WI. Pwogram endamnizasyon viktim zak kriminèl yo (IVAC an franse) pa baze sou estati imigrasyon viktim nan pou evalye admisiblite I pou ba li prestasyon yo.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansyè si m viktim nan yon aksidan machin?

WI. Pwogram Sosyete Asirans Otomobil Kebèk la (SAAQ an franse) kouvri tout moun ki gen **rezidans legal**, kidonk, menm refijye refize ki toujou gen otorizasyon rete nan Kanada, pou aksidan ki fèt anndan tankou deyò Kebèk, san yo pa bezwen konnen kòz aksidan an.

Èske m gen dwa pou m jwenn soutyen finansye pou granmoun?

SA POSIB. Pou w gen dwa jwenn prestasyon **«Sécurité de la vieillesse»** apati laj 65-an, fòk ou viv o Kanada pou pi pitit 10 ane depi laj 18-an.

Li posib pou yon moun ki gen 10-an o Kanada toujou gen estati refijye refize epi an menm tan gen otorizasyon pou rete nan Kanada, pa egzanp si peyi yo pral retounen moun nan toujou sou lis tanporè peyi twò danjere pou retounen moun.

Apati laj 60-an, li posib pou yon refijye refize resevwa prestasyon **«Régime de rente du Québec»** si I te travay legalman o Kebèk epi kotize nan rejim nan.

## LASANTE

Èske m gen dwa pou m jwenn swen sante ak medikaman gratis?

WI. Refijye refize yo gen dwa pou kouvèti swen sante ak medikaman nan **Pwogram federal sante enterimè a** (PFSA an franse) jiskaske yo voye yo tounen.

## TRAVAY

Èske m ka travay?

WI. Yon refijye ki gen **otorizasyon rete o Kanada** toujou ka mande yon **pèmi travay** epi travay.

Èske m ka pote plent pou anplwayè mwen an si kondisyon travay mwen yo enjis?

WI. Komisyon ki responsab **nòm minimal travay la** (CNESST an franse) aksepte plent yo **kèlkeswa estati imigrasyon travayè a**.

Èske m gen dwa pou m jwenn yon konpansasyon finansyè apre yon aksidan travay ki anpeche m travay pou yon ti tan oubyen pou toutan?

WI, si yon refijye refize travay avèk yon **pèmi travay** valid pandan li gen **otorizasyon rete Kanada**, Komisyon ki regle kesyon **sante ak sekirite nan travay** nan Kebèk ap etidye demann nan.

Èske m gen dwa pou m jwenn konpansasyon finansyè si m pèdi travay mwen?

WI. Yon refijye refize ki toujou gen **otorizasyon rete Kanada** epi ki ap travay ak yon **pèmi travay** valid admisib pou jwenn asirans anplwa sèvis gouvènman Kanada a bay. Pwogram sa a ap ranplase 55% revni avan enpo.

Si demann asirans anplwa a aksepte, moun ki pèdi travay li a dwe **disponib pou I travay** pandan tout peryòd I ap benefisyé prestasyon yo. Donk, li dwe gen yon **pèmi travay** valid oubyen mande renouvèlman pèmi a.